



BIWO VEYIKIL MOTORIZE (BUREAU OF MOTOR VEHICLES) OHIO

OU AP PÈDI LISANS OU SI OU KONDWI SAN ASIRANS

OUBYEN LÒT KOUVÈTI RESPONSABLITE FINANSYE KI AKSEPTAB

- Nan Ohio, li ilegal pou kondwi nenpòt veyikil motorize san asirans oswa lòt kouvèti responsablite finansye (financial responsibility(FR)).
- Li ilegal tou pou nenpòt pwopriyetè veyikil motorize pèmèt yon lòt moun kondwi veyikil li a san kouvèti FR.
- **PRÈV KOUVÈTI OBLIGATWA:** • Nenpòt lè yon poliisye bay yon kontravansyon sikilasyon • Nan tout arè enspeksyon veyikil • Pandan konparisyon nan tribinal sikilasyon.
- **NENPÒT CHOFÈ OSWA PWOPRIYETÈ KI MANKE MONTRE PRÈV ASIRANS OSWA LÒT KOUVÈTI PRAL:** • Pèdi lisans chofè li jiskaske egzijans yo satisfè nan premye ofans, YON ANE sou dezyèm ofans ak DE ANE sou lòt ofans.
 - Peye frè retablisman \$40.00 pou premye ofans, \$300.00 pou dezyèm ofans, \$600.00 pou twazyèm ak ofans ki vin apre yo
 - Oblije kenbe kouvèti espesyal FR (SR-22) nan dosye ak Biwo Veyikil Motorize (Bureau of Motor Vehicles (BMV)) pou YON ANE.
- **SI OU ENPLIKE NAN YON AKSIDAN SAN ASIRANS OSWA KOUVÈTI FR:** Anplis de tout penalite ki mansyone pi wo a, ou ka genyen • YON SISPANSYON SEKIRITE pou DE ANE oswa plis ak • YON SISPANSYON JIJMAN POU TAN ENDEFINI (jiskaske tout domaj yo fin peye).
- **PENALITE SA YO AJOUTE SOU NENPÒT AMAND OSWA PENALITE KE YON TRIBINAL ENPOZE.**
- **AVÈTISMAN: LWA SA YO PA ANPECHE POSIBILITE POU OU TA ENPLIKE NAN YON AKSIDAN AK YON MOUN KI PA GEN ASIRANS OSWA LÒT KOUVÈTI FR.**
- **LÈ LI OBLIGATWA, OU KA MONTRE PRÈV ASIRANS PA NENPÒT NAN SA KI ANNAPRE YO:** • YON KONTRA ASIRANS ki montre asirans responsablite otomobil ki gen omwen \$25,000 pou blesi kòporèl pou chak moun, \$50,000 pou de moun oswa plis, epi \$25,000 pou domaj pwopriyete • YON KAT IDANTIFIKASYON ASIRANS (menm kouvèti a) • YON KOSYON GARANTI DE \$30,000 ki sòti nan nenpòt konpayi garanti oswa konpayi asirans otorize • YON BON BMV GARANTI PA BYEN IMOBILYE (BMV BOND SECURED BY REAL ESTATE) ki gen ekite omwen \$60,000 • YON SÈTIFIKA POU LAJAN BMV (BMV CERTIFICATE FOR MONEY) pou montan \$30,000 sou depo ak Rejis Veyikil Motorize yo • YON SÈTIFIKA OTOASIRANS BMV (BMV CERTIFICATE OF SELF-INSURANCE), ki disponib sèlman pou konpayi oswa moun ki posede omwen vennsis veyikil motorize.

SIYEN ANBA A ↓ DETACHE PÒSYON ANBA A POU ACHIV BMV ↓ KENBE PÒSYON ANLÈ A POU ACHIV PAW

OU AP PÈDI LISANS OU SI OU KONDWI SAN ASIRANS OUBYEN LÒT KOUVÈTI RESPONSABLITE FINANSYE KI AKSEPTAB

- Nan Ohio, li ilegal pou kondwi nenpòt veyikil motorize san asirans oswa lòt kouvèti responsablite finansye (financial responsibility(FR)).
- Li ilegal tou pou nenpòt pwopriyetè veyikil motorize pèmèt yon lòt moun kondwi veyikil li a san kouvèti FR.
- **PRÈV KOUVÈTI OBLIGATWA:** • Nenpòt lè yon poliisye bay yon kontravansyon sikilasyon • Nan tout arè enspeksyon veyikil • Pandan konparisyon nan tribinal sikilasyon.
- **NENPÒT CHOFÈ OSWA PWOPRIYETÈ KI MANKE MONTRE PRÈV ASIRANS OSWA LÒT KOUVÈTI PRAL:** • Pèdi lisans chofè li jiskaske egzijans yo satisfè nan premye ofans, YON ANE sou dezyèm ofans ak DE ANE sou lòt ofans. • Peye frè retablisman \$40.00 pou premye ofans, \$300.00 pou dezyèm ofans, \$600.00 pou twazyèm ak ofans ki vin apre yo • Oblije kenbe kouvèti espesyal FR (SR-22) nan dosye ak Biwo Veyikil Motorize (Bureau of Motor Vehicles (BMV)) pou YON ANE.
- **SI OU ENPLIKE NAN YON AKSIDAN SAN ASIRANS OSWA KOUVÈTI FR:** Anplis de tout penalite ki mansyone pi wo a, ou ka genyen • YON SISPANSYON SEKIRITE pou DE ANE oswa plis ak • YON SISPANSYON JIJMAN POU TAN ENDEFINI (jiskaske tout domaj yo fin peye).
- **PENALITE SA YO AJOUTE SOU NENPÒT AMAND OSWA PENALITE KE YON TRIBINAL ENPOZE.**
- **AVÈTISMAN: LWA SA YO PA ANPECHE POSIBILITE POU OU TA ENPLIKE NAN YON AKSIDAN AK YON MOUN KI PA GEN ASIRANS OSWA LÒT KOUVÈTI FR.**
- **LÈ LI OBLIGATWA, OU KA MONTRE PRÈV ASIRANS PA NENPÒT NAN SA KI ANNAPRE YO:** • YON KONTRA ASIRANS ki montre asirans responsablite otomobil ki gen omwen \$25,000 pou blesi kòporèl pou chak moun, \$50,000 pou de moun oswa plis, epi \$25,000 pou domaj pwopriyete • YON KAT IDANTIFIKASYON ASIRANS (menm kouvèti a) • YON KOSYON GARANTI DE \$30,000 ki sòti nan nenpòt konpayi garanti oswa konpayi asirans otorize • YON BON BMV GARANTI PA BYEN IMOBILYE (BMV BOND SECURED BY REAL ESTATE) ki gen ekite omwen \$60,000 • YON SÈTIFIKA POU LAJAN BMV (BMV CERTIFICATE FOR MONEY) pou montan \$30,000 sou depo ak Rejis Veyikil Motorize yo • YON SÈTIFIKA OTOASIRANS BMV (BMV CERTIFICATE OF SELF-INSURANCE), ki disponib sèlman pou konpayi oswa moun ki posede omwen vennsis veyikil motorize.

Si mwen ap aplike pou yon lisans oswa pèmi, mwen afime ke mwen gen asirans oswa lòt kouvèti responsablite finansye, e mwen pap opere okenn veyikil motorize san kouvèti FR, epi mwen resevwa yon fòm avi sou kouvèti FR.

Si mwen ap anrejistre yon veyikil motorize, mwen konfime ke tout pwopriyetè (oswa lokatè veyikil lwe) gen asirans oswa lòt kouvèti FR kounya epi yo pap opere oswa pèmèt operasyon veyikil sa a san kouvèti FR.

SIYATI

X

DAT